

Dinamika Konflik sajrone Novel Amrike Kembang Kopi Anggitane Sunaryata Soemardjo

Siti Maria Ulfa

Pendidikan Bahasa Daerah, FBS, UNESA (ulfamariauli@gmail.com)

Abstrak

Novel *Amrike Kembang Kopi* (AKK) reriptane Sunaryata Soemardjo nyritakake panguripane wanita sing kebak konflik, konflik karo kaluwarga, lan karo priya. Paraga wanita mau nduweni semangat teguh kanggo ngundhakake konflik sing dialami bisa saya becik saengga narik kawigaten kanggo ditliti. Bab kasebut nuduhake yen paraga wanita mau bisa ngrembakake lan ngowahi kahanan sing dialami sajrone uripe.

Gegayutan karo andharan mau, underane panliten sajrone novel AKK iku yaiku: (1) Kepriye unsur struktur sajrone novel AKK, (2) Kepriye wujud konflik sajrone novel AKK, (3) Kepriye carane paraga anggone mrantasi konflike, lan (4) Kepriye gegambaran dinamika konflik sajrone novel AKK. Mula saka iku, tujuwan panliten ing antarane, ngandharake unsure struktur sajrone novel AKK, ngandharake wujud konflik sajrone novel AKK, ngandharake carane paraga anggone mrantasi konflik sajrone novel AKK, lan ngandharake kepriye gambaran dinamika konflik kang ana sajrone novel AKK.

Panliten iku kalebu jinis panliten dheskriptif kualitatif. Jinis panliten iku kanggo ngandharake makna objek kang dadi bahasan panliten. Sumber data arupa *Novel Amrike Kembang Kopi anggitane Sunaryata Soemardjo* taun 2012. Data kang digunakake sajrone panliten iku arupa tetembungan lan ukara kang ngemot data ngenani unsur struktur sajrone novel AKK, wujud konflik sajrone novel AKK, carane paraga mrantasi konflike, lan dinamika konflik sajrone novel AKK. Instrument panliten yaiku panliti dhewe minangka subjek lan karya sastra minangka objek. Teknik pangumpule data kang digunakake ing panliten iku yaiku telaah pustaka. Teknik analisis data kang digunakake yaiku teknik analisis dheskriptif. Banjur cara panulisane panliten kanthi sistematika panulisane skripsi.

Asil saka panliten iku yaiku ing antarane, adhedhasar analisis struktur bisa dimangerten, kapisan tema sentral sajrone novel AKK, yaiku tema sosial. Dene, tema minore, yaiku meningake awake dhewe, rasa getun keduwung, rasa gething, lan kasengsarane urip. Kapindho, saka paraga lan pamaragan bisa dimangerten sing kalebu paraga utama yaiku Tita, dene paraga tambahane yaiku Santi, Soni, Kun, lan ibu sambung. Katelu, alur sajrone novel AKK, yaiku alur walik. Kapapat, latar sajrone novel AKK mung ana loro yaiku latar panggonan lan wektu. Adhedhasar analisis psikologi bisa dimangerten, kapisan, wujud konflik sing dialami paraga utama sajrone novel AKK, yaiku konflik karana bapake krama maneh, konflik karana anane ibu kuwalon, konflik karana arep diprawasa pacare, konflik karana mangerten Kun pranyata adhine Soni. Kapindho, carane paraga utama anggone mrantasi konflik sing dialami, yaiku kanthi cara rasionalisasi, regresi, lan represi. Kang pungkasan yaiku ngenani dinamika konflik sing dialami paraga utama, yaiku paraga utama ngowahi konflik sing dialami bisa saya becik.

Tembung-tembung kunci:dinamika, konflik, novel, psikologi sastra.

A. PURWAKA

Novel AKK anggitane Sunaryata Soemardjo nuduhake kahanan panguripane wanita kang kebak konflik, yaiku konflik karo kaluwarga lan priya kang ditresnani, nanging wanita kasebut bisa ngundhakake konflik kasebut bisa saya becik. Kahanan kang wiwitane seneng dadi gething-gethingan banjur seneng maneh iku ndadekake anane dinamika konflik sajrone crita. Konflik sajrone carita kasebut ngalami owah-owahan utawa

pangrembakane kang ndadekake pungkasane carita dadi nyenengake.

Amarga kang bakal diandharake ing panliten ngenani gambaran uripe manungsa kang kebak konflik, mula sajrone tintingan bab konflik kang dialami paraga ing crita novel AKK iki digunakake pranatan kang gathuk karo karya sastra iku dhewe, yaiku tintingan psikologi sastra. Psikologi sastra mujudake sawijine disiplin ilmu kang nyinaoni babagan mental/kajiwaaan, kang ana gayutane karo wewatekane manungsa. Psikologi ora nyinaoni babagan kajiwaaan utawa mentale

manungsa kanthi cara langsung, nanging menehi wewatesan ing babagan ekspresi saka kajiwana utawa mentale manungsa (Endraswara, 2003:98).

Sajrone panliten iki nggunakake tintingan psikologi sastra kang nengenake marang teks karya sastra. Panliten iki bakal ngandharake ngenani wujud konflik lan dinamika konflik, mula teori kang digunakake yaiku psikologi sastra. Sadurunge ngandharake ngenani psikoanalisis bakal dianalisis saka segi struktur novel kang diandharake Nurgiyantoro, yaiku tema, paraga lan pamaragan, alur, lan latar. Analisis struktur sing bakal diandharake ing panliten iki nggunakake pamawase Nurgiyantoro. Analisis alur digunakake kanggo nemtokake kedadeyan kang nyebabake anane konflik paraga utama, analisis paraga kanggo mangerten intensitas konflik paraga, lan analisis latar kanggo mangerten kahanan sosial lan budaya paraga kangnglandesi anane konflik kajiwane paraga.

Sawise analisis struktur, banjur nganalisis konflik sing dialami paraga ing sajrone novel AKK anggitane Sunaryata Soemardjo, kanthi nggunakake teori psikoanalisis Freud, yaiku nengenake id, ego, lan superego. Konflik-konflik kang dialami paraga-paraga sajrone AKK bisa ditemokake sawise mahami struktur novel mligine tema, pamaragan, alur carita, lan latar. Panliten iki uga bakal nganalisis ngenani dinamika konflik sing dialami paraga utamane. Analisis kasebut bakal nggunakake teori psikoanalisis Freud. Teori lan ancangan psikoanalisis Freud digunakake amarga sajrone novel AKK paraga utamane ngalami pangrembakan utawa owah-owahan kapribadene kanthi dinamis.

B. METODHE

Panliten iki kalebu jinis panliten dheskriptif kualitatif. Jinis panliten iki kanggo ngandharake makna objek kang dadi bahasan panliten. Sumber data arupa *Novel Amrike Kembang Kopi anggitane Sunaryata Soemardjo* taun 2012. Data kang digunakake sajrone panliten iki arupa tetembungan lan ukara kang ngemot data ngenani unsur struktur sajrone novel AKK, wujud konflik sajrone novel AKK, carane paraga mrantasi konflik, lan dinamika konflik sajrone novel AKK. Instrumen panliten yaiku panliti dhewe minangka subjek lan karya sastra minangka objek. Teknik pangumpule data kang digunakake ing panliten iki yaiku telaah pustaka. Teknik analisis data kang digunakake yaiku teknik analisis dheskriptif. Banjur cara panulisane panliten kanthi sistematika panulisane skripsi.

C. ANDHARAN

1. Unsur struktur sajrone novel AKK

a. Tema

Tema sajrone novel sumebar sajrone maneka werna kedadeyan ing prakara tartamtu. Nurgiyantoro (2005:82) merang tema dadi 2, yaiku tema mayor lan tema minor.

(1) Tema mayor

Tema mayor yaiku tema sing utama, prakara sing dominan sajrone carita. Tema mayor sing ana sajrone novel AKK, yaiku tema sosial. Tema sosial sajrone novel

AKK kagambar lumantar paraga utamane, yaiku Tita. Panguripane Tita sing kebak konflik, antarane konflik karo kaluwargane, priya lan wong liya iku sing ndhasari anane tema sosial. Kapisan, Tita sing ditinggal ibune seda lan bapake krama maneh ndadekake Tita kurang tresna asih saka kaluwargane. Kapindho, Tita sing arep diprawasa pacare. Gegambaran kasebut ana ing pethikan iki.

Sepisan dheweke gething banget menyang bapake, jalanan mentala ninggal krama ibune sing wis seda. Senajan ibune wis seda bapake kudune ngurmati pangurbanan lan katresnane ibu. Ora malah ditinggal krama lan seneng-seneng karo wanita liya. Pangrasane Tita iku dilakoni wiwit dheweke isih kelas telu SMP. Yen bapake krama maneh ateges wis ora pati tresna menyang dheweke. Sabanjure dheweke uga gething menyang ibune sambung, ya ibune Santi. jalanan ibune Santi dianggep ngendhuh karesnane ibune sing satuhu. Ibu sing banget ditresnani. sawise ibune seda kae, rumangsane Tita, kabeh-kabeh ora ana sing migatekake lan nresani dheweke. Sateruse nalika dheweke nyoba nresnani priya sing jenenge Soni, pranyata wong sing percaya sing bakal dieloni kanggo uripe mengko, malah nganggep dheweke ora luwih saka boneka sing kena digawe dolanan sakarepe dhewe (AKK: 2012:115).liyane.

Andharan ing ndhuwur mbuktekake yen tema mayor sajrone novel AKK iku tema sosial sing bisa dideleng saka panguripane Tita sing kebak konflik karo kaluwargane lan wong liya, lan kahanan sakupenje Tita.

(2) Tema Minor

Tema minor yaiku tema bawahan, prakara-prakara cilik sing nyengkuyung tema mayor. Tema minor sajrone novel AKK yaiku *mentingake pribadine dhewe (egois)*. Tema kasebut bisa dibuktekake nalika Tita ora nyarujuki bapake krama maneh karo wanita liya. Lumrah wae yen wong krama maneh nalika ditinggal garwane seda. Tita rumangsa bapake wis ora setya maneh karo ibune swargi saengga ndadekake Tita ora nyarujuki bapake krama maneh. Ora mung iku wae, Tita uga ora nyarujuki sesambungan Santi karo Kun nalika Tita mangerten yen Kun minangka adhine Soni, priya sing ngrusak uripe.

Wektu semono Tita pancen ora setuju bapake krama karo aku. Ketang tresnane marang ibune dhewe sing wis seda (AKK: 2012:21)

Wiwit saiki, kowe Santi, adhiku, aja mbok terusake olehmu sesambungan karo wong sing jenenge Kun iku (AKK: 2012:105)

Aku rak wis kandha yen Kun iku adhine Soni. Soni iku wong sing wis nganggep aku apa dene sampah sing ora mbejaji. Atiku isih lara nganti saiki Santi

Apa banjur mbak Tita kepengin males ukum, kepingin nglarani adhine kawruhana mbak, larane Mas Kun uga larane atiku (AKK: 2012:108)

Pethikan ing ndhuwur bisa dimangertenai yen Tita luwi mentingake pribadine dhewe tinimbang wong liya. Tita ora nyarujuki bapake krama maneh lan ora nyarujuki sesambungane karo Kun amarga kanggo pribadine dhewe.

Saliyane uga ana tema minor, yaiku *kasengsarane urip*. Bab kasebut kagambarake lumantar paraga utamane, yaiku Tita. Tita minangka pawongan sing wiwit cilik uripe tansah nelangsa. Isih cilik wis ditinggal ibune seda banjur bapake krama maneh karo wong liya. Nalika bapake krama maneh, Tita lunga menyang bulike sing ana Gresik banjur urip mandhiri nganti gedhe tanpa wong tuwa. Gegambaran kasebut ing pethikan iki.

Nalika isih kelas loro SMP ibune gerah, meh limang wulan ana rumah sakit, pungkasane seda. Wiwit nalika gerah kabeh urusan ngomah dheweke sing kudu mrantasi. Bubar masak, umbah-umbah banjur strika. Yen bengi nunggoni ibune ana rumah sakit (AKK: 2012:3)

b. Paraga lan Pamaragan

(1) Paraga Tita

Paraga Tita mono minangka paraga utama sajrone novel AKK. Tita minangka pawongan kang nduwensi praupan kang ayu tur sregep. Wiwit cilik dheweke wis sregep banget biyantu kaluwargane, wiwit ibune gerah nganti dheweke wis diwasa. Ing ngisor iki ana pethikan kang njlentrehake bab kasebut.

Nalika isih kelas loro SMP ibune gerah, meh limang wulan ana rumah sakit, pungkasane seda. Wiwit nalika gerah kabeh urusan ngomah dheweke sing kudu mrantasi. Bubar masak, umbah-umbah banjur strika. Yen bengi nunggoni ibune ana rumah sakit (AKK: 2012:3)

Tita uga nduwensi watek kang kukuh pendhiriyane. Sajrone tumindak dheweke ora gelem ana kang ngalang-alangi utawa kudu diturut lan dheweke nduwensi prinsip. Dheweke kaya mangkono ora mung karo anak buwahe, nanging uga marang kaluwargane. Nalika Tita mangerteni yen adhine pacaran karo adhine Soni, dheweke banjur ora nyarujuki kalarone tanpa ndeleng pangrasane adhine. Gegambaran kasebut ana ing pethikan iki.

Wiwit saiki, kowe Santi, adhiku, aja mbok terusake olehmu sesambungan karo wong sing jenenge Kun iku (AKK: 2012:105)

Adhedhasar pethikan kasebut bisa dimangertenai yen Tita ngongkon Santi medhot sesambungane karo Kun. tita ora kepengin yen uripe ana sesmabungane maneh karo Soni. Mula, Tita ora nyarujuki sesambungane Santi karo Kun.

(3) Soni

Paraga Soni minangka tilas pacare Tita. Dheweke kang nate ndadekake uripe Tita dadi rusak. Dheweke uga nduwensi praupan sing ngganteng. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki.

Priya ngganteng nganggo hem garis-garis coklat iku mesem, ngajak salaman karo nepungake jenenge. Soni pancep simpatik lan gantheng. (AKK: 2012:38)

Andharan ing dhuwur nuduhake yen Soni pancep gantheng tur simpatik. Mula saka iku Tita seneng marang

Soni, semono uga Soni seneng marang Tita. Sabanjure kalarone ngrajut talining katresnan.

c. Alur

Novel AKK nduwensi alur walik kang nggunakake campuran gerak balik (backtracking) lan sorot balik (flashback) sing diandharake Nurgiyantoro (2005:154-155). Gerak balik bisa dideleng saka gegambaran kedadeyan-kedadeyan sajrone novel kasebut kang lumaku mundhur, dene sorot balik bisa dideleng saka lamunan-lamunan lan pangeling-elingi paraga utama.

Carita diwiwiti karo kedadeyan sing nggambaraké Tita sawise ngalami maneka werna kedadeyan sing agawe dheweke gething, saengga njalari dheweke ngalami rasa kuwatir utawa bingung sing bisa dideleng lumantar lamunan-lamunan lan pangeling-elingi. Wektu iku Tita urip karo adhine saka ibune sambung. Tita ora gelem urip karo kaluwargane. Santi kepengin nggathukake Tita karo ibune. Nalika Tita dikongkon Santi niliki ibune sing ana Madiun, Tita ora gelem banjur Tita ora enak ati karo Santi. Bagiyan kasebut minangka tahapan puncak (D1), yaiku Tita ora gelem ketemu karo ibune kuwalon lan ora gelem menyang Madiun.

Sabanjure, caritané munculake kedadeyan-kedadeyan sing wis kedadeyan sadurunge. Kedadeyan sing dimunculake yaiku nalika Tita ditinggal ibune seda banjur bapake krama maneh. Bagiyan kasebut minangka tahap awal carita AKK (A). Banjur carita ngrembaka menyang tahap tikaian (B) yaiku Tita ora nyarujuki yen bapake krama maneh banjur dheweke lunga menyang bulike sing ana ing Gresik.

Crita sabanjure dicritakake maju, kanthi dumadakan ana tokoh Soni sing nggoleki Tita. Kedadeyan kasebut dimunculake ing tahap awal (A) yaiku lumantar lamunan utawa pangeling-elingi Tita. Ing babagan iki kedadeyan sing dimunculake yaiku nalika Tita dadi pemimpin bank. Ana salah sijine perusahaan sing arep kredit ing bank sing dipimpin Tita. Tita ora mangerteni yen Soni sing nduwensi perusahaan kasebut, nanging nalika Tita mangerteni yen Soni minangka sing mimpin perusahaan iku, banjur Tita ora nyarujuki kreditan kasebut carita kasebut minangka tahap gawatan (C).

Crita sabanjure bali menyang kedadeyan sadurunge sing dideleng lumantar lamunan-lamunan lan pangeling-elingi Tita. Kedadeyan sing dimunculake yaiku ngenani sesambungane Tita karo Soni. Tita tresna banget marang Soni. Ing babagan iki dicritakake ngenani Soni sing arep mrawasa Tita, crita kasebut minangka tahap tikaian (B). crita banjur menyang tahap gawatan (C1) yaiku, Tita gething banget marang Soni lan ninggalake Soni. Sabanjure Tita lan Soni ora nate ketemu.

Banjur critane maju maneh. Kedadeyan sing dimunculake yaiku Soni nduwensi pepenginan kanggo ketemu Tita, sesambungane Santi karo adhine Soni, kahanan keluwargane Tita antarane Santi lan ibune sambung, bagiyan kasebut minangka tahap gawatan (C2). Nalika Tita mengertni yen adhine Santi pacaran karo adhine Soni, priya sing gawe atine tatu, kedadeyan kasebut minangka tahap puncak (D2). Saka kedadeyan kasebut konflik sing dialami Tita mujudake klikmaks lan ora bisa dipungkasi.

Crita sabanjure nyritakake kanthi maju terus. Crita sing dimunculake minangka dalam kango mungkasi konflik-konflik sing dialami Tita yaiku mangun kapribaden sing pinter lan bisa ndadekake kedadeyan sing dialami bisa saya becik. Carita dipungkasi , Tita sing gelem bali karo Soni, adhine Santi uga disarujuki sesambungan karo Kun adhine Soni, lan gelem nrima ibune sambung, kedadeyan kasebut minangka tahap pungkasane (E).

Andharan ing ndhuwur bisa digambarake alur sajrone novel AKK, yaiku.

D1 - A - B - C - C1 - C2 - D2 - E

D1 minangka wiwitane crita kang isine ngenani panguripane Tita karo Santi, adhine kuwalon. Tita ora gelem menyang Madiun niliki ibune kuwalon. A, B, C, C1, C2, minangka kedadeyan sing disorot walik isine ngenani prakara-prakara sing dialami Tita. D2 minangka kedadeyan klimaks utawa puncake prakara-prakara. E minangka tahap pungkasane crita.

Sorot balik (flashback) sajrone alur novel AKK bisa dideleng saka lamunan-lamunan lan pangileng-elingi Tita ngenani kedadeyan-kedadeyan sing wis kepungkur, ing antarane (1) kedadeyan nalika Tita ditinggal ibune seda, (2) kedadeyan nalika bapake krama maneh lan Tita urip ing Gresik karo bulike, (3) kedadeyan nalika Tita nduweni sesambungan karo Soni, (4) kedadeyan nalika Soni arep mrawasa Tita.

d. Latar

Ing panliten iki bakal diandharake ngenani latar fisike wae amarga latar sosial ora munculake ing novel AKK. Latar fisik iku bisa arupa latar panggonan, wektu, lan alam fisik sing ana sakupenge parga utama. Sajrone novel AKK mung ana rong latar, yaiku latar panggonan lan wektu. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

(1) Latar panggonan

Latar panggonan nengenake papan panggonan kedadeyane prastawa sing dicritakake (Nurgiyantoro, 2005: 227). Sajrone novel AKK latar panggonan sing digunakake akeh-akehe ing kutha Jombang lan sakupenge. Kutha Jombang minangka papan uripe Tita karo Santi adhine, Soni pacare. Jombang uga panggonane Tita lan Soni makarya. Gegambaran kasebut bisa dideleng ing pethikan iki.

Kaya ngendikane Pak Harno salah sijine sing kagungan saham, jarene sing pantes dadi kepala cabang anyar sing ana Jombang iki ya mung Tita (AKK: 2012:7)

Sing pokok mengko menyang perusahaan es batu sing ana Peterongan, yen isih ana wektu aku kepengin weruh Wonosalam sing kawentar durene (AKK: 2012:9).

Meh limang taun manggon ana Malang kuliah, nanging Santi ora ngerti panggonan rekreasi liyane kaya selecta. Yen sabtu utawa malem libur dheweke pilih bali menyang Jombang (AKK: 2012:30).

Pethikan-pethikan ing ndhuwur nuduhake latar panggonan, yaiku Jombang. Jombang yaiku uripe Tita karo Santi, panggon makaryane Tita, lan uga panggon uripe Soni.

(2) Latar wektu

Saliyane latar panggonan, novel AKK uga ngandhut latar wektu. Nurgiyantoro (2005: 230) ngandharake yen latar wektu iku nduweni gegayutan karo prakara "kapan" anane kedadeyan sing dicritakake ing reriptan fiksi. Gegambaran latar wektu sajrone novel AKK bisa dideleng ing ngisor iki.

Minggu isuk iku jam sing ana tembok wis nuduhake jam sanga kurang seprapat. Tita metu saka kamare isih nganggo kimono terus bablas menyang kamar mandhi. Baline ngungak kamare Santi, adhine. bocahe wis ora ana. Pranyata Santi wis thenguk-thenguk ana teras maca Koran sing nembe teka (AKK: 2012:1).

Pethikan ing ndhuwur nuduhake latar wektu sing ngandharake yen saben dina minggu Tita tangine awan banjur mung nyatai wae ing ngomah karo Santi, adhine.

2. Wujud konflik sajrone novel AKK

a. Konflik Karana Bapake Krama Maneh

Sawise ibune seda, bapake Tita krama maneh karo ibune Santi. Egone Tita ora nyarujiyen bapake krama maneh amarga dheweke nganggep yen bapake ora setya maneh karo ibune sing wis seda. Lagi ditinggal seda durung setaun wis krama maneh. Tita luwihi dikuwasani rasa egone, dene superegone ora bisa ngedhalekake. Mula, ndadekake Tita gething banget marang bapake lan ora kepengin ketemu maneh karo bapake. Kahanan kaya mangkono bisa kabukten pethikan iki.

Embuh wektu semana, dheweke mangkel banget, dene bapake kok tega banget krama maneh, ora mesakake ibune sing wis seda (AKK: 2012:36)

Saka pethikan ing ndhuwur nggamarake yen Tita gething banget marang bapake. Ibune seda durung setaun bapake wis krama maneh. Id-e Tita rumangsa mesakake ibune sing wis seda. Rumangsane bapake ora setya maneh karo ibune swargi.

b. Konflik Karana Anane Ibu Kuwalon

Satemene Tita nduweni kawigaten menyang ibune kuwalon lan kepengin ketemu karo ibune kuwalon. Bab kasebut bisa dideleng saka sikape Tita sing saben wulan ngirimni dhuwit wulan. Rasa kawigatene Tita menyang ibune kuwalon didorong karo id, nanging ego muncul nalika Tita nduweni pangeling-elinge ngenani bapake krama maneh karo ibune kuwalon. Tita butuh wektu kanggo nglilihake atine. Gatekna pethikan ngisor iki.

Santi aku bingung banget. Satemene ing pojok atiku, ya, wis ana rasa kepengin ketemu ibumu. Nanging, yen kudu ndadak saiki aku ngrubah kahanan, aku ora bisa. Aku butuh wektu nggo nglilihake atiku sing bola bali ketaman kahanan kang ruwet (AKK: 2012:55)

Pethikan ing ndhuwur nggamarake yen id-e Tita panceun kepengin banget ketemu karo ibune kuwalon yaiku ibune Santi. nanging, sanalika uga egone Tita kelingan nalika ibune kasebut ngrebut bapake saka ibune swargi, karana Tita disurung egone, saengga Tita butuh wektu kanggo nglilihake atine sing bola bali ketaman kahanan ruwet.

c. Konflik Karana arep Diprawasa Pacare

Sawijining dina minggu Soni lan Tita mlaku-mlaku menyang Seduda. Kalorone rumangsa seneng banget saengga ora krasa yen wayahe mulih. Ing tengah dalan Tita ngrasa ngelih, banjur Soni nglerenake mobile ing salah sawijine rumah makan kang dadi siji karo hotel. Ana ing panggonan iku Tita nduwensi rasa ora kepenak, nalika Soni wiwit tumindak nakal. Ora let suwe Soni arep mrawasa Tita. Kedadayan mrawasa kasebut ana ing pethikan ngisor iki.

Tita mung meneng wae, senajan batine ngiyani.

Suwe-suwe mbuh kena dayane apa, tangane Soni tansaya nakal, Tita dirangkul kenceng. Soni kepengin mrawasa. Tita sadar, banjur monthah, nyandhak tas disabatake sakayange kena raine Soni. (AKK: 2012:40)

Kedadayan Soni arep mrawasa Tita iku sabenere dijalari anane naluri seksuale Soni marang Tita. Hasrat nepsu tresna sing gedhe ndadekake id muncul sajrone wujud dorongan seksual.

Sawise kedadayan kasebut karana egone ndadekake Tita rumangsa gething banget marang Soni. Tita rumangsa yen dheweke dianggep wanita murahan, lan gampang ngladheni priya. Pangrasane Tita tansaya nemen anggone kaya dadi wong sing paling ora ana ajine. Egone Tita wis sumpah ora bakal kepengin ketemu maneh karo Soni, wong sing meh ngrusak uripe.

d. Konflik Karana Mangerten Kun Pranyata Adhine Soni

Ing sawijine dina, Tita mangerten jati dhirine Kun sing satemene. Kun sing sasuwene iki nduwensi sesambungan karo adhine pranyata adhine priya sing wis ngrusak uripe, yaiku Soni. Tita ora ngira babar pisan yen Kun iku adhine Soni. Sawise mangerten yen Kun pranyata adhine Soni, Tita banjur ngongkon Santi ora nerusake sesambungan karo Kun. Jlentrehan ing dhuwur bisa kabukten saka cuplikan ing ngisor iki.

Wiwit saiki, kowe Santi adhiku, aja mbok terusake olehmu sesambungan karo wong sing jenenge Kun iku (AKK: 2012:105)

Dheweke adhine Soni, manungsa sing wis ngrusak uripku (AKK: 2012:106)

Pethikan ing ndhuwur iku mbuktekake yen Tita ora nyarujuki sesambunganane Santi karo Kun, amarga pranyata Kun adhine Soni. Id-e Tita bener-bener kapengin Santi medhot sesambunganane karo Kun. Ego Tita ora kepengin ana sesambungan maneh karo jenenge Soni senajan mung adhine. Mangerten yen Kun adhine Soni minangka beban batin kanggone Tita. Egone Tita tambah gedhe nalika adhine Santi ora gelem mutus sesambunganane karo Kun. Tita isih tetep karo pendhiriane.

3. Carane Paraga Mrantasi Konflik kang Dialami

a. Represi

Represi yaiku mekanisme sing ditindakake ego ngilangake rasa kuwatir (kecemasan) kanthi cara meksa dorongan-dorongan utawa pepinginan sing ndadekake rasa kuwatir (kecemasan) kasebut menyang ora sadhar (Kuswara, 1991:46).

Anggone mrantasi rasa kuwatire, yaiku bapake krama maneh, Tita njupuk kaputusan utawa pamikiran sing dilandhesi karo pengalaman traumatis. Pengalaman traumatis kasebut bisa dideleng ing pethikan ngisor iki.

Tita ngakoni yen sakjoge bapake krama maneh pancen ora nate bali. Kaya-kaya wis ora kepengin ketemu maneh karo bapak lan ibune kuwalon ya ibune Santi saiki. Dheweke nganggep Medium panggonane dheweke dilairake kaya-kaya mujudake sejarah pait sing kudune ora perlu dieling-eling (AKK: 2012:55)

Pethikan ing ndhuwur njlentrehake pamikirane Tita sing ngalami rasa traumatis. Bapake sing ora setya karo ibune swargi banjur krama maneh ndadekake Tita ngalami kuwatir lan lara ati (*kategangan*). Anggone ngilangake rasa kuwatir (kecemasan) neurotik kasebut, Tita ora nrima alangan saka njaba yaiku bapake krama maneh kanthi cara dheweke lunga menyang omahe bulike sing ana Gresik. Tita ora kepengin kedadayan kasebut ana ing pamikirane terus.

b. Regresi

Regresi yaiku mekanisme ketahanan ego nalika individu bakal bali maneh menyang mangsa ing ngendi dheweke ngalami tekanan psikologis. Paraga utama Tita sajrone novel AKK nuduhake mekanisme *pertahanan* ego sajrone wujud regresi. Regresi kasebut ditindakake Tita kanggo mrantasi konflik nalika arep diprawasa pacare. Tita ngalami kangelan anggone ngontrol emosine amarga kahanan sing ndadekake dheweke rumangsa dilechake. Bab kasebut sing njalari Tita ngalami konflik kajiwан kang ndadekake dheweke kudu tumindak primitif yaiku nepsu sing ora bisa dikontrol. Tita ora bisa ngendalekake emosine nalika Soni arep mrawasa dheweke ing sawijine hotel. Gegambaran kasebut ana ing pethikan ngisor iki.

Suwe-suwe mbuh kena dayane apa, tangane Soni tansaya nakal, Tita dirangkul kenceng. Soni kepengin mrawasa. Tita sadar, banjur monthah, nyandhak tas disabatake sakayange kena raine Soni.

Adhedhasar pethikan kasebut bisa dimangerten yen Tita ora bisa ngontrol emosine. Ora langsung dipikir Tita age-age nyabetake tase menyang raine Soni. Ego luwih didominasi karo id, amarga ego luwih ngetokake sakabebe amarah lan kategangan kanthi tumindak primitif yaiku emosi sing bisa dikontrol. Superego ora bisa ndominasi id.

c. Rasioanalisisi

Rasionalisasi yaiku salah sawijine mekanisme *pertahanan* ego kang nyoba mbenerake awake dhewe lan nyalahna wong liya (Kuswara, 1991:47). Sajrone novel AKK, konflik ngenani paraga Tita kang mangerten Kun pranyata adhine Soni. Tita ora kepengin yen Santi kaya dheweke nalika digawe tatu dening Soni. Tita kapengin Santi medhot sesambunganane karo Kun, amarga Tita ora kepengin ana sesambunganane maneh karo Soni. Nalika mangerten yen Kun adhine Soni, rasa gething menyang Soni tambah gedhe banget. Tita nduwensikekarepan gedhe banget marang Santi, yaiku kudu medhot sesambunganane karo Kun. Tita luwih mentingake awake dheweke tinimbang pangrasane adhine. Gegambaran kasebut ana ing pethikan ngisor iki.

Wiwit saiki kowe Santi, adhiku, aja mbok terusake olehmu sesambungan karo wong sing jenenge Kun (AKK: 2012:105)
Dheweke adhine Soni, manungsa sing wis ngrusak uripku (AKK: 2012:106)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake yen Tita ndadekake adhine dadi korban prakarane karo Soni. Santi sing ora nduweni salah apa-apa kudu medhot sesambungane karo priya sing ditresnani kanggo ngurmati mbakyune. Id meksa egone Tita ora nyarujuki sesambungane Santi karo Kun. Id meksa ego nuduhake rasa ora senenge ndeleng sesambungane adhine karo Kun, adhine priya sing digethingi. Pangrasa kasebut sing ndadekake anane rasa gething tumrap sesambungane Santi karo Kun. Ing sisih liya, superego minangka penengah ngandharake yen manungsa iku kudune bisa njaga pasudulura. Ora mung merga meningake awake dhewe banjur adhine dadi korban. Kanggo nyalarasake id lan superego, ego nengenake mekanisme pertahanan ego awujud rasionalisasi.

4. Gambaran Dinamika Konflik sajrone Novel AKK

Anane dinamika konflik sing dialami Tita iku bisa ginabar saka perjuangane paraga Tita sing semangate kukuh anggone mbudidaya ngundhakake kahanan dadi saya becik. Gegambaran kasebut bakal diandharake ing bab iki.

a. Tita ora gelem bali lan ketemu karo kaluwargane

Tita ngakoni yen sakjoge bapake krama maneh pancen ora nate bali. Kaya-kaya wis ora kepengin ketemu maneh bapak lan ibune kuwalon. Tita nganggep Madiun panggonane dilairake kaya-kaya mujudake sejarah pait sing kudune ora perlu dieling-eling.

Tita sawise bapake krama maneh banjur lunga menyang Gresik ndherék bulike sing kahanane ya biasa wae, putrane ya isih nedheng nedhengi ngragati. Ana kana Tita ngriwangi bulike dodolan jajanan ana pasar. Ndeleng sregepe Tita olehe rewang-rewang, bulike seneng banget didhereki (AKK: 2012:38)

Kaya-kaya wis ora kepengin ketemu maneh bapak lan ibune kuwalon ya ibune Santi saiki (AKK: 2012:55)

Aku lan bapak asring niliki menyang Gresik, nanging sajake Tita atine wis kadhung kagol. Angger aku lan bapakmu mrana mesthi ditinggal nyingkrih metu saka omah (AKK: 2012:21).

Andharan ing ndhuwur njlentrehake yen egone sajrone awake Tita luwih gedhe. Egone nyurung Tita kanggo nduweni rasa gething marang bapake lan ibune kuwalon, lan ego uga ndorong Tita kanggo ora nemoni maneh kaluwargane. Id-e Tita sing kepengin urip tentrem adoh saka kaluwargane, banjur superego ngrampungake prakara kasebut kanthi lunga menyang bulike sing ana Gresik.

Maneka werna kedadeyan asring ndadekake anane konflik-konflik, saengga ndadekake anane rasa kuwatir sajrone batine Tita. Anane rasa kuwatir nuduhake pangrembakan lan owahan-owahan kapribadene Tita sing dinamis. Pangrembakan utawa owah-owahan kapribadene Tita kasebut dijalari id lan ego sajrone Tita dimenangake superego. Pangrembakan utawa owah-

owahan kapribadene Tita bakal diandharake ing ngisor iki.

(1) Bali menyang Madiun lan Gelem ngakoni ibune kuwalon

Tita uga nduwe rencana kango bali menyang ibune sing ana Madiun. Tita kepengin njaluk pangapura marang ibune kuwalon ngenani tumindake sasuwene iki. Jlentrehan ing ndhuwur bisa dibuktekake pethikan ngisor iki.

Tita banjur nduwe rencana yen Santi arep dijak bali ngancani ana omah kana maneh, lan sesuk arep dijak bareng-bareng menyang ibune Mediun.

Weruh ibune Santi Tita gage nggaapyuk nyuwun pangapura....(AKK: 2012:134)

Ana rerangkulane ibune, Tita rumangsa ayem lan edhum banget. Kahanan pangrasa sing wis suwe banget ora nate dirasakake. Rumangsane kaya melbu sajrone kaluwarga sing tansah menehi kawigaten menyang dheweke (AKK: 2012:134)

Pethikan ing ndhuwur iku bisa mbuktekake yen anane dorongan id yaiku Tita kepengin menyang Medium njaluk pangapura menyang ibune kuwalon. Wiwit bapake krama maneh karo wanita liya, Tita ora kepengin ketemu maneh karo kaluwargane lan ora kepengin nduweni sesambungan karo ibune kuwalon. Nanging egone Tita bisa luluh lan bisa nrima ibune kuwalon. Superegone Tita banjur ngajak Santi menyang Madiun niliki ibune. Nalika ketemu ibune, Tita gage nggapyuk ibune lan nyuwun pangapura. Tita rumangsa seneng banget ana sisihe ibune, kaya-kaya Tita ana ing sisihe ibu kandhunge dheweke. Rumangsane Tita kaya melbu sajrone kaluwarga sing tansah menehi kawigaten marang dheweke.

b. Tita ora gelem ana sesambungan maneh karo Soni

Tita sing wiwit cilik uripe kurang antuk tresna asih, tansaya nelangsa, rumangsa dadi kaya boneka sing kena digawe dolanan. Sawise kedadeyan iku, egone Tita banjur gething banget karo Soni lan ora nate ketemu maneh karo Soni. Jlentrehan kasebut ana ing pethikan iki.

Dheweke kaya-kaya sumpah ora bakal kepengin ketemu Soni, wong sing ngrusak uripe (AKK: 2012:42)

Dheweke wis ora kepengin ngerti apa wae bab Soni (AKK: 2012:70)

Pethikan kasebut mbuktekake yen id-e Tita pancen wis ora kepengin ketemu maneh karo Soni. Id-e Tita uga ora kepengin weruh bab ngenani Soni. Tita rumangsa yen dheweke dianggep wanita murahan, lan gampang ngladheni priya. Pangrasane Tita tansaya nemen anggone kaya dadi wong sing paling ora ana ajine. Egone Tita wis sumpah ora bakal kepengin ketemu maneh karo Soni, wong sing ngrusak uripe. Senajan ora nganti kedadeyan apa-apa, nanging kahanan iku asring banget ngganggu pangrasane Tita. Apa maneh yen lagi ngadhepi kahanan sing ora ngepenaki atine, embuh jalaran kesel utawa lagi nduwe pangangen sing ora keturutan.

Senajan Soni bola-bali njaluk pangapura menyang Tita, id-e Tita meksa ora gelem menehi pangapura

menyang Soni. Alesane Tita ora gelem ketemu Soni lan menehi pangapura Soni yaiku rasa gething kang gedhe banget marang Soni. Rasa gething iku muncul amarga anane dorongan ego, yaiku dheweke rumangsa dianggep kaya boneka sing kena digawe dolanan sakarepe dhewe. Ora dianggep lan ora diregani minangka kodrade wanita sing nduweni harkat, lan martabat, Tita rumangsa dilechake, mung dirasakake kaendahane, ora diregani kodrat jiwane, sarta katresnane.

Anane rasa sing ora tentrem ana atine Tita ndadekake rasa kuwatir sajrone Tita. Rasa kuwatir kasebut nuwuhake anane pangrembakan utawa owah-owahan kapribadene Tita. Pangrembakan utawa owah-owahan kapribadene Tita bakal diandharake ing ngisor iki.

(1) Tita gelem menehi pangapura Soni

Tita sing sadurunge gething banget marang Soni amarga arep mrawasa dheweke, banjur atine dadi luluh lan tuwu rasa welase nalika Soni pasrah lan ngakoni kaluputane menyang dheweke. Panggigit-igite Tita sing wis sumimpel dadi watu ana dhadhane, dina iki wis cuwer. Tita banjur bisa menehi pangapura menyang Soni. Dinamika konflik ing ndhuwur bisa dibuktekake pethikan iki.

Tita olehe nyawang praupane Soni ora uwis-uwis. Apa sing wis ditindakake sasuwene iki. Dheweke wis menehi pangapura kanthi ikhlas. Dheweke wis ora mikir apa mengko isih ana pangarep-arep kanggo dheweke. Embuh Tita ora ngerti kena apa atine eksklusif lan tulus banget menehi pangapura..... (AKK: 2012:129)

Pethikan ing ndhuwur iku mbuktekake yen superego nyurung Tita kanggo bisa menehi pangapura marang Soni kanthi ikhlas. Tita ora ngerti kena dayane apa. Bareng ngerti Soni sing wis pasrah lan ngakoni kaluputane menyang dheweke. Id-e ndadekake Tita kelingan pribadine Soni sing sabenere. Soni sing satemene romantis, tansah nuruti kekarepane, lan Soni gelem nampa katresnane.

(1) Tita nyambung katresnane karo Soni

Sawise Tita menehi pangapura menyang Soni, Tita uga nduweni pangarep-arep bisa bali maneh menyang Soni. Kalarone pancer isih legan, nanging Tita isih kuwatir yen mengko Soni ora tresna maneh karo dheweke. Nalika Soni ngomong yen dheweke uga isih tresna marang Tita, kalarone banjur nyambung maneh katresnan sing wis nglambrang pirang-pirang taun kepungkur. Gegambaran kasebut ana ing pethikan ngisor iki.

Yen kowe uga isih tresna aku, aku kepengin urip bebarengan karo kowe, nyambung tresnaku sing wis nglambrang pirang-pirang taun kepungkur.

Iya, mas, aku uga isih tresna menyang Mas Soni.

Wong loro banjur rangkuluan kaya-kaya ora kepengin diculake (AKK: 2012:132)

Andharan kasebut bisa mbuktekake yen Tita sing sadurunge gething banget marang Soni banjur bisa bali maneh karo Soni iku sing ndadekake anane dinamika konflik. Uripe Tita sing sadurunge kucem banjur

owah dadi nyenengake amarga bisa nyambung katresnan maneh karo priya sing ditresnani.

Anane dinamika konflik amarga id, ego sing ana sajrone Tita luwih didominasi superegone.

c. Tita ora nyaruji sesambungane Santi karo Kun

Ketambahan maneh prakarane Tita nalika Santi sesambungan karo priya sing jenenge Kun kang pranyata adhine Soni priya sing digethingi. Sawise Tita mangerteni yen Kun adhine Soni, Tita banjur njaluk Santi medhot sesambungane karo Kun.

Santi ora nyaruji panjalu ke mbakyune amarga Santi isih tresna marang Kun. Santi uga rumangsa yen mbakyune mung meningake kapribadene dheweke ora ndeleng kepriye pangrasane Santi. Mula, ndadekake anane konflik antarane Tita lan Santi. Bab kasebut ana ing pethikan iki.

Dumadakan tanpa sebab sing cetha, dheweke kudu medhot sesambungan katresnane menyang Kun. Saben bengi Santi nangis. Nangisi apa sing dikandakake dening mbakyune. sadurunge ora nate mbakyune kandha nganti sengo kaya mangkono menyang dheweke. Nanging saiki ora mung sengol, nanging uga nglarani atine, jalaran mung mikir panggigit-igite dhewe (AKK: 2012:105)

Pethikan kasebut ngandharake yen Tita luwih meningake panggigit-igite marang Soni. Tita ora mikir kepriye pangrasane adhine yen kudu medhot katresnane karo Kun. Santi lan Kun sing ora ngerti apa-apa dadi korban prakarane Tita karo Soni.

(1) Tita bali karo Santi lan nyaruji sesambungane karo Kun

Sawise Tita bisa bali maneh karo Soni sing gawe atine tatu, banjur dheweke uga bisa agawe adhine bali maneh menyang dheweke. Tita uga wis bisa nyaruji sesambungane Santi karo Kun. Nalika Tita mnagerteni adhine Santi bali menyang omahe, dheweke seneng banget amarga wong-wong sing ditresnani bisa ngumpul bareng karo dheweke. Jlentrehan ing ndhuwur ana ing pethikan ngisor iki.

Tita menyat saka kursine banjur nggapyuk Santi, adhine sing ditresnani. Wong papat banjur jagongan, gar, ger, guyon lan gantenan olehe padha nggojlogi (AKK: 2012:133)

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur iku bisa djlentrehake yen Tita bisa bali kumpul maneh karo adhine sing ditresnani. Nalika Tita ora nyaruji sesambungane Santi karo Kun, Santi banjur minggat saka omahe Tita. Kahanan sing kaya mangkono sing ndadekake superego Tita rumangsa salah karo adhine sing tresnani. Nalika mangerteni mbakyune bali maneh karo Soni, Santi lan Kun banjur nemoni mbakyune. sawise ketemu Santi, Tita banjur nggapyuk adhine sing tresnani. Tita rumangsa seneng banget bisa kumpul bareng karo wong sing ditresnani.

Saka andharan kasebut, bisa digawe tabel ngenani dinamika konflik sajrone novel AKK. Tabel kasebut kaya ing ngisor iki.

No	Konflik sing dialami paraga utama	Dinamika konflik sing dialami paraga utama
1.	Tita ora gelem ketemu karo kaluwargane	Tita gelem bali menyang madiun lan gelem ngakoni ibune kuwalon
2.	Tita ora gelem nduwensi sesambungan karo Soni	1) Tita gelem menehi pangapura Soni 2) Tita nyambung katresnane karo Soni
3.	Tita ora nyarujuki sesambunganane Santi karo Kun	Tita bali karo Santi lan nyarujuki sesambunganane karo Kun

5. PANUTUP

1. Dudutan

Adhedhasar analisis struktur kang arupa alur, paraga lan pamaragan, latar, lan tema, lan analisis psikologis kang arupa analisis konflik, tata cara sing digunakake paraga utama anggone mangerten konflik kajiwana, lan dinamika konflik, novel AKK bisa didudut ing ngisor iki.

Saka maneka werna prakara lan kedadeyan-kedadeyan sing ana, bisa dimangerten tema-tema sajrone novel AKK, yaiku tema mayor lan tema minor. Sing dadi tema mayor sajrone novel AKK, yaiku tema sosial. Dene tema minore, yaiku meningake awake dhewe, rasa gething, rasa getun keduwung, kasangsarane urip. Pamaragan kanthi teknik dramatik lumantar dialog, cecaturan batin, lan lakuan, pamikiran lan caturan batin paraga utama, uga kedadeyan-kedadeyan sing dialami paraga utama. Paraga utama nduwensi maneka werna sipat ing antarane sing asipat becik lan ala. Alur balik kang nggunakake campuran gerak balik (backtracking) lan sorot balik (flashback) nambahi nilai estetis sajrone novel AKK. Anane carita sing lumaku mundhur kang dijangkepi anane pangeling-elingne paraga utama ndadekake anane suspense. Carita sing narik kawigaten nalika ing bagian *tikaian*. Kategangan tambah dhuwur nalika konflik ana ing puncake. Carita dipungkasi kanthi pungkasan sing nyenengake. Latar sing digunakake sajrone novel AKK yaiku latar panggonan lan latar wektu. Kutha Jombang sing ndominasi lakuni carita sajrone novel AKK.

Paraga utama kasebut nduwensi maneka werna konflik, ing antarane konflik karana bapake krama maneh, konflik karana anane ibu kuwalon, konflik karana arep diprawasa pacare, konflik karana mangerten Kun pranyata adhine Soni. Konflik-konflik kasebut mangribawani panguripan sing dialami lan bab kasebut ana gegayutane karo pangrembakane alur carita sajrone novel AKK.

Kabutuhan-kabutuhan instingtif paraga utama kang ora bisa kelakon ndorong awake kanggo nyoba nggoleki cara-cara sing realistik kanggo mrantasi konflik sing dialami. Cara-cara sing digunakake paraga utama kanggo

mrantasi konflik yaiku kanthi cara nggunakake mekanisme pertahanan ego sing arupa rasionalisasi, regresi, lan represi.

Dinamika sing dialami paraga utama didominasi karo superegone. Anane rasa kakaluwargaan sing gedhe lan katresnan sing tulus ndadekake paraga utama mangerten makna urip sabenere. Bab kasebut sing ndorong paraga utama kanggo merjuangake dorongan-dorongan superegone kanggo mertahana egone supaya bisa nglakoni urip kanthi seneng lan tentrem.

2. Pamrayoga

Pamawas kang kepengin diandharake Sunaryata Soemardjo sajroning novel AKK kang nuduhake dinamika konflik iki dikarepake kasil ditampa dening pamaos. Kanthi anane dinamika konflik kang akeh-akehe diandharake, pamaos diajab amrih bisa ndudut tuladha-tuladha kang becik lan ngadohake bab kang ala. Kajaba iku, tuladha-tuladha kang becik kasebut bisa ditrepake ing urip kanyatan kanthi pener. Tumrap pangrembakane kasusastran Jawa, satemene isih akeh kang kurang pener sajrone panliten iki. Mula saka iku, kebak pangarep bakal ana kang luwih becik, mligine kang mawa tintingan psikologi sastra ing wektu-wektu sabanjure.

KAPUSTAKAN

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode penelitian Sastra: Epistemologi, Model Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Darminto, Eko. 2007. *Teori-Teori Konseling*. Surabaya: Unesa University Press

Fanani, Zainudin. 2000. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press

Hall, Calvin. 1954. *Sigmund Freud: Suatu Pengantar Ke Dalam Ilmu Jiwa Sigmund Freud*. Jakarta: Pustaka Sarjana

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

Koswara, E. 1987. *Teori-Teori Kepribadian*. Bandung: P.T Eresco.

Minderop, Dr. Albertine, MA. 2010. *Psikologi Sastra Karya Sastra, Metode, Teori, dan Contoh Kasus*. Jakarta: Yayasan Pustaka Obor Indonesia.

- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Rosdakarya.
- Nadjid. 2009. *Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nazir, Moh. 1988. *Metode Penelitian*. Jakarta: Galia Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah mada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset.
- Semi, Atar. 1989. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa
- Siswantoro. 2005. *Metodologi Penelitian Sastra: Analisis Psikologis*. Surakarta: Muhammadiyah University Press
- Soemardjo, Sunaryata. 2012. *Amrike Kembang Kopi*. Bojonegoro. Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro
- Teeuw, A. 1988. *Sastra Dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Satra*. Jakarta: Pustaka
- Wellek, Rene dan Weren, Austin.1995. *Teori Kesusastraan*. Jakarta: PT Gramedia.
- (<http://m.artikata.com/arti-325290-dinamika.html>).

